



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPAY DIJITAL POU FÈ SANSIBILIZASYON  
PANDAN MWA PREVANSYON KONT SWISID LA**

*PSA yo ak lòt inisyativ yo ap ranfòse efò prevansyon kont swisid New York yo*

*Pwoklamasyon Gouvènè a Deklare 10 septanm kòm Jounen Prevansyon kont  
Swisid nan Eta New York*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo anons sèvis piblik dijital ak lòt inisyativ pou fè sansibilizasyon sou prevansyon kont swisid epi pou enfòme tout Nouyòkè yo sou resous ki disponib nan Eta a. Gouvènè a te pibliye tou yon pwoklamasyon ki rekonèt septanm kòm Mwa Prevansyon kont Swisid ak 10 septanm kòm Jou Prevansyon kont Swisid nan New York.

"Chak swisid se yon trajedi - espesyalman paske moun kapab prevni swisid. Pliske nou rekonèt mwa sou Prevansyon kont Swisid la, mwen ankouraje tout Nouyòkè pou yo konnen siy avètisman yo ak fason yo kapab kontakte èd imedyatman, pou tèt yo oswa pou lòt moun". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ nou yo genyen yon objektif oryantasyon espesifik sou jèn Nouyòkè yo, paske nou konnen ke ane pase a te patikilyèman difisil pou timoun ak adolesan yo ki te patisipe nan aprantisaj anliy akòz COVID-19. Se poutèt sa mwen kwè ke li enpòtan pou nou mete aksan sou dèske noumenm, antanke yon kominote ak yon Eta, bezwen spòte timoun ak fanmi nou yo pou ede asire bonè ak siksè yo."

Menm si New York genyen youn nan pousantaj swisid ki pi ba nan nasyon an nou toujou pèdi 1,700 Nouyòkè anba swisid chak ane. Sant Prevansyon kont Swisid nan New York (Suicide Prevention Center of New, SPCNY) [Biwo Sante Mantal \(Office of Mental Health, OMH\) la](#) ap swiv tandans yo avèk anpil atansyon nan kominote nou yo dekwa pou ede idantifye ak angaje moun ki anba risk yo epi kenbe yo lwen tout danje.

Kanpay dijital la pral dire pandan tout mwa septanm lan epi li pral mete aksan sou enpòtans pou kreye relasyon sosyal ki pozitif atravè koneksyon ant moun, fanmi, ak kominote yo pou ede nan prevansyon kont swisid.

Yon lòt segman nan kanpay dijital la pral konsantre sou vyeyisman ak enpak li genyen sou sante mantal. Yo konsevwa piblisite yo pou atire espektatè yo nan pajwèb SPCNY yo pou plis enfòmasyon ak resous sou sijè apwopriye yo.

OMH la ap fè pwomosyon tou pou Liy Tèks pou Kriz la (Crisis Text Line, CTL) pandan tout mwa a sou YouTube, Facebook ak Instagram. CTL se yon rezo sipò ki baze sou tèks ki gratis, anonim ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7. OMH ak CTL te fè patenarya sou plizyè inisyativ pou fè pwomosyon sou resous kont prevansyon swisid ki disponib pou piblik la.

OMH ap travay tou pou fè sansibilizasyon sou Liy Tèks pou Kriz la atravè "[Got5 Challenge](#)" pou distri lekòl Eta New York yo. Distri lekòl ki rejwenn Challenge (Def) an pral gen kòm travay pou fè pwomosyon pou Liy Tèks pou Kriz la nan itilize medya sosyal, imèl, afich ak pano yo. Mesaj yo pral gen ladan [yon videyo ke SPCNY te pwodwi](#) ki eksplike fason CTL travay.

200 premye lekòl ki ap patisipe nan "Got5 Challenge" lan pral resevwa atik pwomosyonèl Liy Tèks pou Kriz yo ke yo kapab pataje nan lekòl la.

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal la, te deklare,** "Chan ane, nan tout Etazni, prèske 50,000 moun pèdi lavi yo anba swisid. Trajikman, swisid se 10yèm kòz prensipal lanmò pami granmoun yo nan Etazini epi se dezyèm kòz prensipal lanmò pami jèn moun ki gen laj 10 rive 24 ane. Chak lavi ki pèdi anba swisid kite dèyè zanmi, manm fanmi ak kòlèg ki nan chagren. OMH travay avèk kominote nou yo pou ede moun konprann ak rekonèt siy avètisman sou swisid yo, epi pou bay espwa ak sipò pou moun ki anba risk yo. Tanpri kontakte biwo a si ou konnen yon moun ki bezwen èd".

Lòt inisyativ pou prevansyon kont swisid ke Gouvènè Hochul ak OMH la te anonse gen ladan:

### **Senpozyòm sou Prevansyon Swisid pou ane 2021**

Sant Prevansyon kont Swisid New York la pral òganize yon senpozyòm soti madi 28 septanm rive jedi 30 septanm. Senpozyòm vityèl la, tgen kòm tit "[AIM for Zero: Suicide Care is Healthcare \(VIZE Zewo: Swen Swisid se Swen Sante\)](#)" pral mete ansanm prensipal ekspè nan prevansyon kont swisid pou diskite: enpak ak enpòtans kad Zewo Swisid la nan sistèm sante yo, enpòtans ekite ak enklizyon, estrateji pou rezilta swen sante ki gen gwo enpak yo, epi tou soulinye enpòtans zouti modèn yo nan reyalizasyon yo.

### **Nouvo Pwogram Inovatè nan Prevansyon kont Swisid lan ap Lanse nan Syracuse**

Gouvènè Hochul ak OMH la te anonse tou yon nouvo pwogram pilòt sou prevansyon kont swisid ki ap lanse nan Syracuse pandan otòn sa a, ke yo rele Ekip Sipò yo Nonmen pou Jèn (Youth Nominated Support Team, YST). YST itilize nouvo rechèch ki endike ke bati yon sèk granmoun de konfyans ozalantou yon adolesan ki ap panse ak swisid ede li sipòte li pandan moman vilnerab li yo. Sa ka genyen yon efè alontèm ki redwi risk li pou li mouri pa swisid.

Apati otòn sa a, ekip pou pasyan entèn yo ki soti nan de (2) lopital nan Syracuse, OMH's Hutchings Psychiatric Center ak the Upstate Medical University (Inivèsite Medikal Rejyon Nò a) ki pran swen adolesan ki nan kriz yo pral kapab refere adolesan ki gen panse swisid yo pu YST. Yo ap reyalize yon sesyon oryantasyon inisyaly pou 3-4

granmoun yo nonmen kòm ekip sipò pou chak adolesan avan yo egzeyate yo. Yon travayè sosyal YST ki fòme ap reyalize ansuit apèl ankadreman chak semèn sou fason pou sipòte adolesan an pandan 3 mwa. Yon etid avalyatif ki trè serye sou enpak YST a te montre ke mwens adolesan ki ap resevwa entèkansyon te mouri anba lanmò ovèdòz ak swisid apre yo te ap swiv patisipan nan etid la yo pandan 12 ane an mwayèn.

SPCNY la ap fè patenarya avèk devlopè YST yo ak yon konpayi teknoloji ki espesyalize nan livrezon entèkansyon ki baze sou prèv nan kad yon sibvansyon federal pou prevansyon kont swisid.

### **Finansman OMH la pou Sources of Strength (Sous Fòs yo) ede Jèn Moun ki Vilnerab yo**

OMH te anonse tou resaman disponiblite plis pase 700,000 dola nan finansman pou egzekite "Sources of Strength", yon pwogram sou prevansyon kont swisid ke yo rekonèt nan tout nasyon an, nan lekòl segondè ak nan òganizasyon yo pou jèn moun nan tout Eta a. "Sources of Strength" se yon pwogram prevansyon kont swisid ki fòme yon gwoup ki gen divès etidyan kòm lidè pou kamarad yo epi konekte yo avèk konseye granmoun de konfyans nan lekòl yo ak nan kominote a. Lidè pou kamarad yo reyalize aktivite sou prevansyon atravè kontak pèsònèl dirèk ak prezantasyon ki fè pwomosyon pou mezi ki bon pou lasante pou moun fè fas ak koneksyon jèn ak granmoun yo, gen ladan chèche èd pou detès ak enkyetid ki gen rapò ak swisid.

"Sources of Strength" se yon eleman enpòtan nan gwo efò OMH la pou sipòte rezilyans ak prevni swisid nan mitan jèn yo. Finansman pral delivre pwogram "Sources of Strength" yo bay jèn yo nan klas 9-12yèm ane lekòl oswa lòt anviwònman ki ap bay sèvis ak jèn yo.

### **Yon Lidè Nasyonal nan Pwogram Nouvo ak Inovatè yo**

New York gen yon istwa inovasyon nan prevansyon kont swisid, gen ladan etablisman Gwoup Travay sou Prevansyon kont Swisid (Suicide Prevention Task Force, SPTF) nan Eta New York nan mwa novanm 2017. Gwoup travay la konsantre sou fason pou pi byen sèvi gwoup ki gen pi gwo risk yo, ki gen ladan jèn Nwa ak Latin yo, manm kominote LGBTQ yo, ansanm ak ansyen konbatan ak rezidan rejyon rural yo nan eta a. Travay SPTF la te mennen nan devlopman nouvo inisyativ pou ede gwoup sa yo ak pou angaje ak tout jèn yo nan yon fason ki adapte kiltirèlman.

Lòt pwogram enpòtan yo gen ladan:

- Yon premye pwogram pilòt nan peyi a ki rele AASIP, Pwogram Entèkansyon Akoutèm pou Tantativ Swisid. Entèkansyon pwometè sa a itilize pwòp istwa moun lan pou prepare yon plan pou sekirite ak pou ede etabli konpetans pou adapte alavni. Yon etid montre ke ASSIP te edwi nouvo tantativ swisid lakay ansyen sivivan tantativ swisid yo nan 80%. Premye evalyasyon ASSIP la nan Etazini te kòmanse avèk sit yo nan Rochester ak Syracuse, NY.
- Pwojè sibvansyon Egzamen Lanmò atravè Swisid (Suicide Fatality Review, SFR) ke New York Health Foundation (Fondasyon Sante New York) ak OMH la esponsòrizasyon a prezan nan kat konte (Erie, Onondaga, Suffolk ak Westchester)

epi li ap antre nan faz final li. Nan fen ane sa a, yo pral analize done yo kolekte apati revizyon an pwofondè yo nan plis pase 400 ka lanmò nan konte sa yo. Menm apwòch la ke yo te reyalize nan yon lòt Eta te mennen nan rekòmandasyon yon ansanm entèkansyon, tankou fòmasyon pèsònèl nanabri bèt yo apre rechèch yo te souliye nan ki frekans moun souvan abandone bèt yo lè y ap planifye swisid.

- New York se yon lidè nan fè pwomosyon pou [Modèl Swisid Zewo](#) a, yon apwòch pou entegre prevansyon kont swisid nan sistèm swen sante ak sistèm swen konpòtemantal yo. Li ap kòmanse avèk anviwònman sante mantal yo, pwogram ijans sikyatrik yo ak anviwònman itilizasyon sibstans yo, Eta a ap etann kounye a modèl sa a nan depatman ijans medikal yo ak klinik swen primè yo. Lè nou fè patenarya ak anviwònman ki pa senpleman klinik yo, men tou lekòl, yo edikasyon siperyè ak òganizasyon kominotè yo, nou espere dènye [sibvansyon pou prevansyon kont swisid kay jèn](#) nou an ap atenn 35,000 jèn pandan senk ane.

### **Fòmasyon sou Prevansyon kont Swisid**

Depi 2019, plis pase 84,000 [fòmasyon espesifik kont swisid](#) te jwenn finansman nan Biwo Sante Mantal la epi yo te ofri yo bay manm kominote yo, founisè swen sante yo, pèsònèl lekòl yo, ak etidyan yo nan tout Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)